

RINGKASAN

Rendi Ginanjar, 2019. Keanékaragaman Serangga Ordo Homoptera Di Taman Kehati Kiara Payung Kabupatén Sumedang, Jawa Barat. Dibimbing ku Drs. Suhara M.Pd. sareung Iwan Setia Kurniawan S.Pd., M.Pd.

Tujuan ieu panalungtikan nyaéta pikeun meunangkeun data ngeunaan rupa-rupa sarangga ordo homoptera di Taman Kehati Kiara Payung Kabupatén Sumedang, Jawa Barat. Panalungtikan dilaksanakeun dina kaping 22 dugi ka 26 Juni 2019. Desain panalungtikan anu digunakeun nyaéta Bélt Transéct-Quadrat anu panjangna 100 méter anu diwangun ku geunep setasion, jarak antar setasion nyaéta 50 méter. Unggal setasion diwangun ku genep kuadrat, jarak antar kuadrat nyaéta 20 méter. Sampel dibawa ngagunakeun métode Beating tray, hand and Shorting, Insecnet, Pangapungan jeung Pit Fall Trap. Pangenalan sampel dilakukeun di di Laboratorium Biologi FKIP Bandung. Dimeunangken opat familia serangga ordo homoptera, 10 génus, jeung 10 spésies. Pang seueurna nukapeundak nyaéta familia Délphacidae sareng opat génus jeung ngabogaan opat spésies. Data pangrojong anu diukur nyaéta faktor klimatik nu diolah kalawan Régrési Liniér Berganda dina program IBM SPSS pikeun mikanyaho pangaruh tina faktor klimatik kana keanékaragaman. Persamaan régrési liniér kénging analisis hubungan faktor lingkungan kalawan keanékaragaman Serangga ordo homoptera nyaéta $Y = 128.049 + X_1 0,058 - X_2 0,069 + X_3 0,004 + X_4 0,007 - X_5 0,041 - X_6 6,907$. Rata-rata peunteun indéks keanékaragaman sagede 1,05, némbongkeun keanékaragaman sarangga ordo homoptera di Taman Kehati Kiara Payung Kabupaten Sumedang, Jawa Barat kaasup kana katégori seudeng.

Kata kunci : Keanekaragaman, Serangga Ordo Homoptera, Taman Kehati